

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dijéntrékeun dina bab IV, babandingan harti paribasa Sunda jeung Indonésia bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Tina hasil ngabandingkeun buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda jeung Super Lengkap Peribahasa Indonésia*, kapanggih 130 (65%) harti paribasa Sunda jeung Indonésia nu sarua. Data kasebut dibagi-bagi deui dumasar wangun kalimahna, nu kabagi kana dua rupa nyaéta kalimah salancar jeung kalimah jembar. Dina paribasa Sunda wangun kalimah salancar jumlahna aya 94 (72%), nu satuluyna dibagi deui kana kalimah salancar basajan anu jumlahna aya 51 (39%), jeung kalimah salancar jembar anu jumlahna aya 43 (33%). Dina wangun kalimah ngantét jumlahna aya 36 (28%), nu satuluyna dibagi deui kana kalimah ngantét satata anu jumlahna aya 9 (7%), jeung kalimah ngantét sumélér nu jumlahna aya 27 (21%). Dina paribasa Indonésia wangun kalimah salancar jumlahna aya 64 (49%), nu satuluyna dibagi deui kana kalimah salancar basajan anu jumlahna aya 44 (34%), jeung kalimah salancar jembar anu jumlahna aya 20 (15%). Dina wangun kalimah ngantét jumlahna aya 66 (51%), nu satuluyna dibagi deui kana kalimah ngantét satata anu jumlahna aya 24 (19%), jeung kalimah ngantét sumélér nu jumlahna aya 42 (32%).
- b. Paribasa Sunda jeung Indonésia disawang tina maksud anu dikandungna aya tilu rupa nyaéta paribasa piluangeun, paribasa paréntah, jeung paribasa pituah. Paribasa Sunda jeung Indonésia nu kaasup piluangeun kapanggih aya 86 (68%), ogé nu kaasup paréntah aya 9 (7%), jeung nu kaasup pituah aya 35 (25%).

- c. Babandingan harti paribasa Sunda jeung Indonésia téh saenyana bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran di SMA, hal éta saluyu jeung KIKD nu kompeténsi dasarna nyaéta matéri pakeman basa nu salasihijina nyaéta paribasa. Ku kituna, larapan babandingan harti paribasa Sunda jeung Indonésia téh bisa dijadikeun bahan ajar idiom di SMA, nyaéta ngaliwatan maca wacana (bahasan) ngeunaan paribasa.

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan babandingan harti paribasa Sunda jeung Indonésia pikeun bahan ajar idiom di SMA, aya sababaraha hal nu hayang ditepikeun ku nu nulis, di antarana:

- a. Ieu panalungtikan karék ngabahas babandingan harti paribasa Sunda jeung Indonésia nu hartina sarua. Masih bisa ngabandingkeun harti pakeman basa nu séjenna, saupama dina babasan atawa ungkapan dina basa Indonésia mah can kapaluruh, ogé ngabandingkeun jeung basa séjenna.
- b. Dina ieu panalungtikan, ngabandingkeun paribasa Sunda jeung Indonésia téh ditalungtikna tina jihat semantik. Panalungtikan ngeunaan babandingan paribasa Sunda jeung Indonésia masih bisa ditalungtikan tina rupa-rupa paélmuan saperti filsafat, antropologi, sosiologi, atikan, jeung sajabana.
- c. Paribasa boh dina basa Sunda bh dina basa Indonésia, perlu dilarapkeun deui dina kahirupan sapopoé, utamana jadi bahan pangajaran di sakola sangkan généralisasi ngora wanoh kana paribasa.